



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA NOUYÒK YO POU REKONÈT JOUNEN ENTÈNASYONAL SOUVNI OLOKÒS LA

Yo pral limen 14 moniman an jòn nan aswè 27 janvye a

Pou rekonèt Jounen Entènasyonal Souvni Olokòs la, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta Nouyòk yo pral limen an jòn aswè a pou onore sis milyon Jwif ki te mouri pandan olokòs la.

"Nan Jounen Souvni Olokòs la, nou sonje sis milyon Jwif rejim Nazi a te asasine yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "80 an apre liberasyon Auschwitz, nou dwe onore memwa sila yo te elimine yo lè nou kanpe kont rayisans antisemit la nenpòt kote li parèt tèt lèd li a."

Pami moniman yo pral limen yo genyen:

- 1WTC
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Moynihan Train Hall
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson ("Franklin D. Roosevelt" Mid-Hudson Bridge)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)